

Adiksyon

Lè yon moun gen doulè, kò a itilize medikaman yon fason diferan avèk si li t ap pran dwòg la pou l vin hay. Adiksyon se yon dezi sikolojik pou itilize yon dwòg pou efè li genyen sou lespri (pou w vin hay). Lè yo bay Morphine oswa lòt opyoyid yo (nakotik) pou soulaje doulè, yo pa kreye adiksyon.

Tolerans ak Medikaman pou Doulè

Medikaman pou doulè ki bay kòrèkteman pa sispann aji avèk le tan, men ofiramezi maladi a ap pwogrese, li ka nesese pou chanje medikaman an oswa dòz la. Sa pa endike adiksyon oswa tolerans men pito yon pwogresyon natirèl maladi a.

Krent pou Ovèdòz

Ekip swen w lan pral siveye reyaksyon w ak medikaman pou doulè yo epi y ap fè chanjman selon bezwen ou yo presizeman.

Morphine Akselere Lanmò

Yo itilize souvan medikaman pou doulè tankou Morphine oswa lòt nakotik yo pou trete moun ki gen doulè nivo modere jiska grav. Rechèch montre ogmantasyon dòz nakotik yo nan fen lavi pa rakousi lavi w. Morphine pa lakòz lanmò, se maladi alabaz la ki lakòz li.



Tan Arè pou Fòmasyon

Priorite nou konfò oumenm oswa moun pwòch ou an. Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan medikaman pou doulè ak/oswa efè segondè yo, mande ekip swen w lan. Si nou pa eksplike l nan yon fason ou konprann, siyale yon "Tan Arè pou Fòmasyon."

Ospis Pasyan ak Fanmi Trustbridge Gid Fòmasyon pou Swen



www.trustbridge.com/patient-family-resources

888.441.4040

Sipò pou Responsab Swen 24 è sou
vennat, 7 jou sou sèt

Resous:

American Hospice Foundation. (n.d.). Itilizasyon Opyase pou Jere Doulè kay Pasyan ki Malad Gravman ak Malad nan estad tèminal. Konsilte nan dat Mas 2023, 2023, apati <https://americanhospice.org/caregiving/use-of-opiates-to-manage-pain-in-the-seriously-and-terminally-ill-patient/>

Enstiti Nasyonal pou Kansè. (2023, 9 Janvyè). Doulè Kansè (PDQ®) – Vèsyon Pwofesyonèl Sante. Konsilte nan dat 20 Mas 2023, apati https://www.cancer.gov/about-cancer/treatment/side-effects/pain/pain-hp-pdq#_58



Lisansye depi 1981.

Akredite pa Joint Commission (Komisyon Miks). Organizasyon 501(c) ki pa pou pwofi.
Akreditasyon Jwif nan men Palm Beach County Board of Rabbis, Inc.

Hospice of Palm Beach County
Hospice by the Sea
trustbridge



4/2023

Medikaman pou Doulè ak Ou

Ofri yon eksperyans swen sante san
parèy pou pasyan yo ak fanmi yo.



Hospice of Palm Beach County
Hospice by the Sea
trustbridge



Sipò pou Responsab Swen 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt:
(888) 441-4040 | trustbridge.com

Medikaman pou Doulè yo

Gen anpil medikaman diferan yo itilize pou trete doulè. Yo ka bay medikaman doulè yo nan anpil fason: nan bouch, anba lang, sou po, oswa ak piki. Sa yo se kèk egzanp medikaman pou doulè:

- **Acetaminophen (Tylenol)**
- **Fentanyl (Duragesic)**
- **Hydromorphone (Dilaudid)**
- **Methadone**
- **Morphine**
- **Oxycodone**
- **Oxycodone and acetaminophen (Percocet)**

Medikaman yo aji yon fason diferan pou chak moun. Ekip swen w lan ap jwenn bon medikaman pou doulè a pou ou ak pou eta w.



Efè Segondè

Efè segondè pa rive ak medikaman pou doulè sèlman. Tout medikaman gen efè segondè, men, se pa tout moun genyen yo. Reyaksyon grav nan pran medikaman pou doulè se bagay ki ra. Kèk nan efè

segondè ki pi kouran ak medikaman pou doulè se konstipasyon, kèplen ak vomisman, bouch sèk, anvi dòmi, gratèl, ak vètij. Bòn nouvell la sèke pi fò nan efè segondè sa yo ka jere fasilman avèk lòt medikaman epi leplisouvan yo disparèt poukont yo apre kèk jou.



Konstipasyon

Sèten medikaman pou doulè ka ralanti entesten an epi lakòz pou pou di ak/oswa fè w ale nan twalèt mwens souvan. Medikaman pou ramoli pou pou ak/oswa laksatif yo rekòmande pou soulaje konstipasyon. Bwè plis dlo, ji prin tyèd, epi manje plis fwi ak legim ka ede soulaje konstipasyon tou.



Kèplen oswa Vomisman

Anjeneral sa dire sèlman premye oswa de jou tretman ou an. Nou gen medikaman pou kontwole sentòm sa yo ke doktè w gendwa te preskri. Si w gen kèplen oswa vomisman, eseye evite odè fò, bwè ti gòje dlo oswa ice chips, manje ti kantite manje fad tankou diri oswa pen griye sèk.



Bouch Sèk

Bouch sèk la ka amelyore si w ogmante konsomasyon likid ou jan w tolere l, manje popsicles oswa ice chips. Kontakte Trustbridge si bouch sèk la grav oswa pèsistan.



Sedasyon oswa Anvi dòmi

Sèten moun ka santi yo fatige, gen dòmi nan je, oswa “toudi lejèman” lè yo premye pran medikaman pou doulè oswa lè yo ogmante dòz la. Si anvi dòmi an se akòz medikaman pou doulè, l ap sispann apre detwa jou. Bwason ki gen kafeyin tankou kafe ak te ka ede redui sedasyon an.



Demanjezon

Sèten moun ka santi gratèl epi yo vle grate diferan pati nan kò yo. Sa ka rive lè yon dòz kòmanse oswa ogmante. Sa gendwa dire jiska 3 jou. Li ta ka sanble ak yon reyaksyon alèjik, men alèji ak medikaman pou doulè yo rive raman. Nou gen medikaman pou soulaje gratèl la.



Vètij

Kèk moun ka santi vètij lè yo kòmanse oswa ogmante dòz medikaman pou doulè a. Evite chanjman pozisyon toudenkou. Bouje dousman. Mande èd si sa nesesè.

Fo kwayans ak Enkyetid Komen yo



Nan kèk ka, enkyetid konsènan risk ki gen nan medikaman pou doulè yo ka limite swen ki apwopriye yo. Gen kèk enkyetid komen ak fo kwayans yo gen nan yo:

Efè Segondè

Sentòm tankou kèplen, konstipasyon, ak anvi dòmi ka lakòz moun vle evite medikaman pou doulè. Ou gendwa panse w ap genyen yon reyaksyon alèjik; men, alèji ak medikaman pou doulè se bagay ki ra. Ekip swen w lan ap ede anpeche oswa jere efè segondè ou ka santi.